**Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение**

**средняя общеобразовательная школа №22 имени полного кавалера**

**Ордена Славы Коняева В.М.**

**Выписка**
**из основной образовательной**
**программы основного общего образования (ООО)**

РАССМОТРЕНО
Руководитель МО
Козаева А.Б.
Протокол №1 от 24.08.23

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**учебного предмета «Родная литература»**

для обучающихся 9 – х классов

**Составители: Икоева З.В.,**
**Хадикова Л.Т.**

**г. Владикавказ 2023-2024**

ÆМБАРЫНГÆНÆН ФЫСТÆГ

9 къласы литературон ахуырады процесс у æхсæйнаг цæгау литературæйы историон курс фæткæй, системæйы хуызы ахуыр кæнынмæ рахизæны. Æххæст кæны профилон ахуырадмæ бацæттæ кæныны хæстæ.

Ацы программæйы сæрмагонд уаг баст у, поликультурон ахуырады полилингвалон концепцийы фæлгæты чи сæвзæрди, йæ уыцы поликультурон здæхтимæ. Концепци йæ сæйраг хæсыл нымайы ахуырдзауты алывæрсыг, гармонион рæзтыл кусын, цæмæй дарддæр сæ бон уа хи сфæлдыстадон гæнæнтæ уæрæхдæр кæнын, сæ этнокультурон æмæ æмбæстагон химбарынад национ традицитæ æмæ æппæтуæрæсейаг æмæ æппæтдунеон культурæйы бындурыл сбæрæг кæнын.

Амынд модельмæ гæсгæ, национ культурæимæ скъоладзауты зонгæ кæнын хъæуы æппæтуæрæсейон æмæ æппæтдунеон культурæйы уæрæх контексты, иумæйаг интегративон формулæйы хаххыл: «регион – Уæрæсе – дуне». Уый къухы бафтдзæни, культурæты диалогы бындурыл чи сырæзти, *æппæтадæмон* æмæ *национ* æмбастæй кæм æвдыстæуы, ахæм сæрмагонд дидактикон системæйы руаджы. Уымæ гæсгæ ирон литературæ ахуыр кæныны фарст программæйы, уавæртæ куыд амонынц, уый арæнты æмиу у регионалон культурæйы хихуызонады бæрджытæ æмæ æппæтуæрæсейон æмæ æппæтадæймагон литературон идеалтимæ.

Хицæн литературон культурæтимæ скъоладзауты диалогы хуызы зонгæ кæнын хъæуы, цæмæй сын банкъарой сæ æнгомдзинад, рæза сæм иумæйаг планетарон зондахаст, уый та сын йæ рады ахъаз уыдзæни дунеон культурон-ахуырадон тыгъдадмæ интеграцийæн.

Ирон литературæйы курсы поликультурон здæхт пайда у хъомыладон гæнæнтæ цырен кæнынæн, йе ‘ххуысы хай хъомысджынæй хæссы скъоладзауты этнокультурон æмæ æмбæстагон химбарынады процессмæ, æппæтуæрæсейаг æмбæстагон идентификациимæ йын фидар кæны йæ æмиудзинад.

Афтæмæй ирон литературæ ахуыр кæныны процесс райсы информацион-архайдон, аразыны æмæ рæзын кæныны уаг.

Уырыссаг æмæ фæсарæйнаг авторты уацмыстæ хаст сты программæйы алы хæйттæм æмæ сæ пайдагонд цæуы алыхуызон куысты хуызты: ахуыр кæныны, æрныхас кæныны, фæсурокты æмæ хибарæй кæсыны, предметты æхсæн бастдзинæдты, ныхасы рæзтыл куысты.

Программæйы ис коммуникацийы хъæугæ акттæ, уыдон бар дæттынц культурæты диалогы фæтк хъахъхъæнынæн æмæ ахъаз сты, цæмæй ахуыргæнинаг

зонындзинæдтæ цæттæйæ ма иса, фæлæ æдхъуыдыйæ, ахуырты проблемон-сфæлдыстадон уаг æмæ сконды фæрцы.

Ирон дзырдаивады бастдзинад аивадон литературæйы иумæйаг ныв-дунеимæ актуализацигонд цæуы, сколадзаутæм цы компетенцитæ, зонындзинæдтæ, арæхстдзинæдтæ æмæ фæцайдагътæ сæвзæрын æмæ ныффидар кæнын хъæуы, уыдоны кълæстæм гæсгæ бæрæггондæй.

Программæйы амынд сты скъоладзауты зонындзинæдтæм иумæйаг домæнтæ дæр.

Скъоладзауты ирон литературæйы урокты базонын хъæуы:

– уацмысты мидис, сюжет, композици (зонындзинæдтæисæн УАА);

– цы уацмыс ахуыр кæнынц, уый литературон анализы принциптæм гæсгæ æвзарын (зонындзинæдтæисæн УАА);

– уацмысы сæйраг цаутæ рахицæн кæнын (мидисбæрæггæнæн УАА);

– эпизоды сæйраг хъуыды сбæрæг кæнын (аргъдæттæн УАА);

– уацмыс хицæн эпизодтыл дих кæнын (мидисбæрæггæнæн УАА);

– æвзæрст бынæттæм раст фæрстытæ æвæрын (коммуникативон УАА);

– персонажтæн характеристикæ дæттын (коммуникативон УАА);

– скъоладзауты популярдæр кармæ, сæ авналæнтæм гæсгæ авторы ахаст йæ хъайтармæ бæрæг кæнын (аргъдæттæн æмæ коммуникативон УАА);

– литературæйы теорийæ бæрæггонд æмбарынæдтæ (миф, кадæг, таурæгъ, аргъау, зарæг, радзырд, уацау, роман, поэмæ, æмдзæвгæ, юмор, сатирæ, сурæт æмæ фæлгонц, строфа æмæ рифмæ, эпитет, метафорæ, абарст, фæсномыг ныхас (аллегори), символ æ. æнд.) зонын (зонындзинæдтæисæн УАА).

Скъоладзауты арæхстдзинæдтæм домæнтæ:

– литературæйы ахадындзинад адæймаджы царды иртасын (аргъдæттæн æмæ мидисбæрæггæнæн УАА);

– уацмысы текст цыбыртæй кæнæ биноныг, текстмæ хæстæг, хи ныхæстæй дзурын (регулятивон, коммуникативон, зонындзинæдтæисæн УАА);

– текстæй ист скъуыддзæгтæм гæсгæ алыхуызон сфæлдыстадон хæстæ æххæст кæнын (коммуникативон, мидисбæрæггæнæн, зонындзинæдтæисæн УАА);

– дзургæ æмæ фысгæ куыстытæ æххæст кæнын (коммуникативон, мидисбæрæггæнæн, зонындзинæдтæисæн УАА);

– хъайтарты æууæлтæ æмæ æмахастытæ иртасын (аргъдæттæн УАА, коммуникативон УАА, мидисбæрæггæнæн УАА);

– лæвæрд темæмæ гæсгæ хи хъуыдытæ зæгъын (коммуникативон УАА, зонындзинæдтæрайсæн УАА).

## 9-æм кълас (34 сах.)

## ИРОН ЛИТЕРАТУРÆ
## XIX æнусæй XX æнусы 20-æм азтæм/Осетинская литература конца XIX æначала XX века 20-х годов

Разныхас.

Литературæ æмæ йæ ахадындзинад адæймаджы монон царды. Ирон литератрæйы хуыздæр уацмыстæй. Литературæ куыд дзырдаивады хуыз (æмбарынад фæарфдæр кæнынил куыст). Ирон литературæ æмæ ирон аивады иннæ хуызтимæ бастдзинад. Хибарæй кæсынмæ разæнгардгæнæн фæрæзтыл афæлгæст. Литературæйы теори. Литературон критикæйы æмбарынад.

Дыууынæм азты хуыздæр уацмыстæ: Брытъиаты Елбыздыхъо «Амыран», пьесæтæ «Дыуæ хойы» æмæ «Хазби»; Коцойты Арсены, Гæдиаты Цомахъы, Къубалты Алыксандры æмæ Малиты Георгийы, Барахъты Гинойы æмæ Нигерæн, Багъæраты Созыр æмæ Хетæгкаты Дауыты, Беджызаты Чермен æмæ Хъуылаты Созырыхъойы уацмысты фылдæр хай. 20-æм азты ног фæлтæр ирон литературæйы: Хъамбердиаты Мысост, Боциты Барон, Епхиты Тæтæри, Плиты Харитон, Фæрнион Къоста, Къосираты Сæрмæт æмæ æнд.

Мыхуыры æнтыстытæ: уагъд цыдысты ирон адæмон сфæлдыстады уацмыстæ хицæн чингуытæй, классикты æмæ æрыгон фæлтæры чингуытæ, наукон литературæ. Советон хицауады æрфидар æмæ уырыссаг æвзагыл газетты фæзынд Дзæуджыхъæуы («Красное знамя», «Народная власть», «Горская правда», «Власть труда», «Социалистическая Осетия» (ныры «Северная Осетия»). Фыццаг советон ирон газет «Кермен», фæстæдæр 23 азы Цæгат Иры «Рæстдзинад» (цæуы абоны онг), Хуссар Иры – «Хурзæрин» (цæуы абоны онг). 1922 азы журнал «Горская мысль», 1924 азы «Горский вестник».

Ног æхсæнадон уавæртæ, ног сфæлдыстадон къордты фæзынд. Альманахтæ: «Малусæг», «Зиу».

Ирыстоны æхсæнадон æмæ культурон царды æнувыд архайджытæ: Гæдиаты Цомахъ, Æлборты Барысби, Гуыриаты Гагуыдз æ. инн.

Ирон литературон критикæ. Гæдиаты Цомахъы, Тыбылты Алыксандры, Бекъойты Георгийы, Нигеры æ. ин. критикон куыстытæ. Сæ эстетикон зондахаст æмæ критикон дæсныйад.

Мамсыраты Темырболат (1845-1899) «Сагъæстæ», «Ме 'мгармæ», «Авдæны зард».

Мамсыраты Темырболат – фыццаг ирон поэт. Мамсуров Темирболат(1845-1899) «Думы» Йæ царды хабæрттæ, йе сфæлдыстады хъысмæт. Темырболат – паддзахы инæлар Куындыхаты Муссæйы провокацийы амæттаг.

«Сагъæстæ». Ирон зарæджы райдиан. Райгуырæн бæстæйæ мыггагмæ фæхауæггаг лæджы стыр хъизæмар. Фыды зæхмæ иузæрдион уарзт. Сыгъдæг уды уынгæг зарджытæ. Фыдыбæстæйы фидæнил сагъæс. Лыгъд адæмы хъысмæты стыр трагеди. Поэт-реалисты дунеæмбарынады бастдзинад динимæ. Хуыцауыл æууæндын – рæстдзинад, æцæгдзинад, амонд æмæ уды æнцойдзинад ссарыны ныфс. Æмдзæвгæйы композици, рефрены нысан.

«Ме 'мгармæ». Лыгъд адæмы социалон дихдзинад æцæгæлон зæххыл. Æмбæстагмæ иузæрдион уарзты æвдисæнтæ. Растзæрдæ адæймаджы ниат – сыгъдæг уды фæллой райгуырæн бæстæйæн нывонд кæнын. Йæ царды философи: «Куыст – цардæн фæрæз». Фыдыбæстæ уарзын æмæ мысын. Райгуырæн зæхмæ уарзондзинад – лæджы намыс, ном, кад æмæ лæгдзинады барæн. Поэты эстетикон идеалы барæнтæ (зарæгæй, сгуыхтæй, хуымæтæджы фæллойæ адæмæн лæггад кæнын).

«Авдæны зард». Мады сагъæс йе ‘нахъом хъæбулы фидæныл. Йæ фæдзæхст фыдызæхх мысын æмæ уарзын, зæрдæ йыл не сивын, хи дин, бæстæ æмæ æгъдауыл иузæрдион уæвын. Ныййарæджы сагъæс æцæгæлон зæххыл æмæ залымы бын уæвæг æппæт адæмы хъысмæтыл.

Л и т е р а т у р æ й ы т е о р и. Æмдзæвгæ. Стихарæзты тыххæй æмбарынад. Ритм, рифмæ, строфа, диалог, рефрен./Теория литературы. Стихотворение.понятие о стихосложении.Ритм,рифма,строфа,диалог,рефрен.

.

С а х у ы р к æ н ы н æ н /для изучения

Хетæгкаты Къоста. «Ракæс!», «Додой», «Тæхуды». /Хетагуров Коста(1859-1906)"Взгляни!","Горе","Желание"

Хетæгкаты Къоста – ирон адæмы сæрхъызой, йæ цардвæндаг./Хетагуров Коста – борец за свободу народа, его творческий путь .Йæ курдиаты фæлгæсæнтæ, йе сфæлдыстады сæйраг мотивтæ, йæ æндæвдад нырыккон ирон *литературæ æмæ аивадыл. /талант* «Ракæс!» Цин æмæ рис – поэзийы гуырæнтæ. Поэты индивидуалон цин æмæ хъыджы æмиудзинад дзыллæйы мастимæ. Национ химæбарынад, ивгъуыд, абон æмæ фидæныл сагъæс – æмдзæвгæйы мидис./"Взгляни!" Радость и боль- начало поэзии. Индивидуальная радость поэта и горе- едины со злобой народа. Самосознание народа, прошлое, настоящее и думы о будущем -главная мысль стихотворения .

«Додой». Æфхæрæг хицауад, хæддзу æлдæрттæ æмæ бынæттон æхсины лæгты азым ирон адæмы мæгуыр æмæ æбар уавæрты. Иудзинадмæ тырнын – уацмысы идейон бындур./ «Горе».

«Тæхуды». Адæймаджы идеал æмæ концепци Къостайы дунембарынады. Поэты идеал æмæ адæмы этикон идеалы бындур. Уарзын – адæймаджы удыхъæды бæллиццаг миниуæг.

Æ р н ы х а с к æ н ы н æ н

«Хетæг». Кадæджы мидис, йæ фольклорон бындур. Авторы ныхас йæхи тыххæй. Аланты хæст Мамайы æфсæдтимæ. Иналы фыртты сгуыхт. Хетæг æмæ Чабæханы ахастытæ. Хъайтары хъысмæт. Адæмон æгъдæуттæ æмæ сæ аивадон равдыст. Патриотизм æмæ сгуыхты темæ. Уацмысы аивадон æууæлтæ.

П р е д м е т т ы ‘х с æ н б а с т д з и н а д/Межпредметная связь

Аивад. Кинонывтæ: «Сын Иристона», «Возвращение Коста».
/Искусство.Кинофильмы«Сын Иристона», «Возвращение Коста».

Нывгæнынад æмæ скульптурæ.

Къоста-нывгæнæг. Къостайы нывтæ. Тугъанты Махарбег, Дзанайты Азанбег æмæ ирон нывгæнджыты сфæлдыстад. Къостайы фæлгонц сæ нывты. Дзантиаты Инал æмæ Алыксандры, Тауаситы Сослæнбег æмæ иннæты скульптурон цыртдзæвæнтæ Къостайæн.

Музыкæ. Плиты Христофоры оперæ «Къоста», Кокойты Тæтæрхъан æмæ Тотиты Андрейы музыкæ Къостайы æмдзæвгæтыл; Хаханты Дудар. Балет «Хетæг».

С а х у ы р к æ н ы н æ н

Гæдиаты Секъа (1855 – 1915) «Айссæ», «Мад æмæ фырт». /Гадиев Сека,»Айсса»,»Мать и сын»

Гæдиаты Секъа «…æцæг адæмон æмдзæвгæты æмæ радзырдты автор, ирон прозæйы бындурæвæрæг.

«Айссæ». Ахмæт æмæ Айссæйы уарзондзинад, сæ царды хабæрттæ. Ирон цардуагон æгъдæуттæ. Уацмысы конфликт. Хицæутты фыдмитæ. Сыгъдæгзæрдæ мæгуыр адæм æмæ

мæнгард хицауады быцæу. Ахмæты тох адæймаджы бартæ æмæ намысыл. Ахмæт æмæ Айссæйы хъысмæт, сæ характертæ. Адæмы фæзминаг миниуджытæ.

«Мад æмæ фырт». Æлдæртты æмæ сæ цагъарты 'хсæн конфликт, патриархалон фыдæгъдæутты æмæ адæймаджы рæстаг фæндиæгты ныхмæдзыд. Æлдары цагъайраг бинонты трагикон хъысмæт.

Ф æ с у р о к т ы к æ с ы н æ н

Гæдиаты Секъа «Чермен», «Фæдзæхсын», «Мæ бæлас», «Æнкъард хъуыды». Гадиев Сека «Чермен», «Завещаю»,»Моё дерево»,»Грустная мысль»

Л и т е р а т у р æ й ы т е о р и. Æмбарынæдтæ: темæ æмæ идейæ, авторы позици, литературон характер (а).

С а х у ы р к æ н ы н æ н

Брытъиаты Елбыздыхъо (1881-1923). «Хазби». /Бритаев Елбаздуко»Хазби»

Фыссæджы уæззау хъысмæты аххосæгтæ, йæ курдиат æмæ дуджы цæлхдуртæ. Брытъиаты Елбыздыхъойы цард – «тохгæнæг æмæ хъуыдыгæнæджы цард».

«Хазби». Трагедийы конфликт – ирон адæм æмæ паддзахы быцæу. Уацмысы историон æмæ фольклорон бындур. Хохаг царды нывтæ. Паддзахы хицауады фыдвæндтæ. Адæмы социалон дихдзинад, ныхмæвæрд къордтæ, сæ ахаст цаутæм. Адæмы куырыхон зонд æмæ патриотизм. Ислам æмæ Нанайы фæлгонцтæ. Хазби – адæмон хъæбатыр. Йæ тохы нысан. Йæ трагедийы аххосæгтæ. Йæ фæлгонц. Уацмысы идейæ – национ иудзинад æмæ хæдбардзинад.

Л и т е р а т у р æ й ы т е о р и. Драмæ (а). Историон трагеди (н). Монолог (а). Градаци (н).

Предметты 'хсæн бастдзинад. Ирон театр æмæ аивадон литературæ. Трагеди «Хазби»-йы литературатурон æмæ сценикон царды истори. Адæмон сфæлдыстад æмæ литературæ – «Хазбийы зарæг». /Межпредметная связь . Осетинский театр и художественная литература.Трагедия»Хазби»-литературная и сценическая история жизни.Устное народное творчество и литература-«Песня Хазби»

С а х у ы р к æ н ы н æ н

Коцойты Арсен (1871-1944) «Дадолты мæт». «Цыппар æмæ ссæдз боны». / Коцоев Арсен «Двадцать четыре дня»

Коцойты Арсен – «ирон дзырды зæрингуырд», царды трагизмы нывгæнæг. Йæ сфæлдыстады проблематикæ. Йæ геройтæ – «Фыдæлты æгъдæутты нывæндтæ».

«Дадолты мæт». Дины проблемæ Арсены сфæлдыстады. Персонажты къуындæг царды уавæртæ, сæ талынг зондахасты аххосаг. Дзырдамонд æмæ æрхъуыдыджын Биганон. Йæ æмбисонды хостæ Дадолты бинонтæн. Æцæгдзинад æмæ сфæлдыстадон æрхъуыды радзырды. Реалистон портреты гротескон æууæлтæ. Сурæты хæйттæ æмæ детальтæ. Дæсныйады тых æмæ дæлдзиныг къамадæгты æдыхдзинад. Трагизм æмæ комизмы æвдисæнтæ радзырды. Метафорон абарстытæ. Контрастон нывтæ. Гыццыл цаутæ – «гыццыл адæймæгтæ».

«Цыппар æмæ ссæдз боны». Уацмысы мидис. Фæсивæды хъысмæт, сæ тырнындзинад ахуырмæ. Царды ныхмæвæрд фæзыдты нывæст контрастон нывты. Чысыл адæймаджы трагеди.

Ф æ с у р о к т ы к æ с ы н æ н.

«Тазырæт», «Тохы бон»./Тазрет», «День боя»

Л и т е р а т у р æ й ы т е о р и. *Эпикон-таурæгъон литературæйы хуызтæ. Композици æмæ сюжет уацмысы. Гротеск (н).*

С а х у ы р к æ н ы н æ н

Гаглойты Рутен. «Намыс». /Гаглоев рутен»Слава»

Фыссæджы алывæрсыг курдиат æмæ патриотизмыл ныхас.

«Намыс». Аллегорион радзырд. Намыс – царды фарн. Йæ уавæр тыхми æмæ хæрамы дунейы. Æхсæнады хицæн фæлтæрты уаг, сæ фыдракæндтæ. Рæстдзинадмæ тырнын – намысы нысан. Уацмысы идейæ – социалон хæрамæн тæрхон кæнын.

Л и т е р а т у р æ й ы  т е о р и. Æмбарынад «аллегори» (а).

Предметты 'хсæн бастдзинад. Хаст поэтты хъысмæт ирон æмæ уырыссаг литературæты.

С а х у ы р  к æ н ы н æ н

Малиты Геуæрги (1886-1942) «Зар», «Æлхуйнæ»./Малиев Георгий «Пой»,»Веретено»

*«Зар».* Хуымæтæг зæххон тыхджын уарзты зарæг. Адæмы удыхъæды æвдисæнтæ æмдзæвгæйы. Уацмысы национ колорит. Хæдæфсарм æмæ æнæрцæф лæппуйы бæллиц, йæ сыгъдæг уарзт. Ирон усгуры этикет, уæздан адæймаджы æууæлтæ. Гæдыйы функцитæ мифты æмæ ирон аргъæутты (табуйаг цæрæгой). Аг æмæ рæхыс – хæдзары табуйаг дзаумæттæ, хæдзары фарны символтæ. Æмдзæвгæйы рæнхъыты хъуыдытæ – «сусæгдзинæдты къуыбылой». Аивадон ахорæнты функцитæ.

*«Æлхуйнæ».* Æвзонг чызджы монолог-исповедь, йæ сусæг сагъæстæ. Чызджы бæллицты дуне æмæ реалон фæлгонц – æцæг барæг. Æрвон æмæ зæххон дунеты баиу. Хæххон æвæлтæрд чызджы зæрдæйы тæлмæнтæ. Йæ психологон уавæр. Йæ характер æмæ йе ‘нкъарæнтæ, йæ хъысмæты бæлвырд национ хуыз.

*Предметты 'хсæн бастдзинад. /Межпредметная связь*

*Фæсарæйнаг литературæ:/зарубежная литература*

*Гете. Балладæ. «Пирæг чызг» («Пряха»); Эдуард Мерик. «Покинутая девушка»; Катри Вала «Фембæлд» (Встреча»).*

С а х у ы р  к æ н ы н æ н

Плиты Грис (1913–1999). «Чермен» /Плиев Гриш»Чермен»

«Чермен» – историон трагеди. Уацмысы темæ, йæ сæйраг идейæ æмæ конфликт. Архайджыты ныхмæлæуды социалон-этикон æфсонтæ. Лæджы ном æмæ уæздандзинады фарст. Чермен – адæмы бартыл тохгæнæг, йæ удыхъæды миниуджытæ, йæ адæймагон идеал. Æлдæрттæ æмæ кусæг адæмимæ, ныййарæг мад æмæ уарзон чызгимæ ахастытæ. Уацмысы фæлгонцаразæн фæрæзтæ (архайд, монолог æмæ диалог, кæрæдзийæн характеристикæ). Персонажты æвзаджы сæрмагонд æууæлтæ. Ремаркæты нысаниуæг. Фольклорон æмæ литературон традицитæ хъæйтары фæлгонцы нывæсты. Стихфыст драмæ, Грисы бавæрæн традицимæ.

Ф æ с у р о к т ы  к æ с ы н æ н

Плиты Грис. Драмæ «Æнæсæттон»./Плиев Гриш «Непобедимый»

Предметты 'хсæн бастдзинад. Ирон театр æмæ аивадон литературæ. Трагеди «Чермен»- ы литературатурон æмæ сценикон цард. Адæмон сфæлдыстад æмæ литературæ – «Чермены зарæг». /Межпредметная связь. Осетинский театр и литература.Литературная и сценическая жизнь трагедии»Чермен».Устное народное творчество и литература-«Песня о Чермене»

Л и т е р а т у р æ й ы  т е о р и: Трагеди (н). Æмдзæвгætæй фыст драмæ. Историон трагеди (н). Аивадон фæлгонц (р). Инвективæ (н). Сарказм (р).

С а х у ы р  к æ н ы н æ н

Кочысаты Мухарбег (1920–1944). «Къоста Херсоны», «Бахсæв. Уазал. Дымгæ ниуы...». «Фыстæг мæ мадмæ». /Кочисов Мухарбек«Коста в Херсоне», »Ночь настала. Холодно.Ветер воет…»

«Къоста Херсоны». Æмдзæвгæйы сюжеты хицæндзинæдтæ. Къостайы фæлгонц. Æфхæрд поэты равг æмæ царды уавæртæ. Ирыстон æмæ адæмыл йæ мæт. Литературон реминисценцийы нысаниуæг.

«Бахсæв. Уазал. Дымгæ ниуы...». Сыгъдæг уарзтыл æнусмæ æнувыды мотив. Лирикон геройы поэтикон бæрзонд удыхъæд, йæ арф æнкъарæнтæ. Йæ тæссонд фæндиæгтæ æмæ рухс æрхуым. Уарзоны цæстытæ – царды цины, амонды суадон. Æрдзы нывтæ адæймаджы равгимæ бастæй (мидгармони кæнæ контрасты фæткыл).

«Фыстæг мæ мадмæ». Салдат-хæстоны царды нывтæ, йæ психологон уавæр. Ныййарæгмæ æрвыстæджы мидис (мады зæрдæ зонын, ныфсæвæрæн тавиц ныхас, уæлахизыл æууæндыны пафос). Сидæнтæ – лирикон геройы эмоцион равджы æргомгæнæн мадзал.

Предметты 'хсæн бастдзинад /Межпредметная связь

А. Твардовский»Матери»; / А.Твардовский «Матери»

Нывкæнынад: Дзанайты А. «Къоста Херсоны»/Изобразительное искусство:Джанаев А.

С а х у ы р   к æ н ы н æ н

Калоты Хазби (1921–1943). «Бон нæма фæзынд…», «Митыл мæйы æртхутджытæ…», «Дидинæг федтон». «Фæтахти булæмæргъ, йæ хъæлдзæг зард æрмынæг...» /Калоев Хазби (1921-1943) «День ещё не настал…», «На снегу пепельный свет луны», «Улетел соловей , приглушилось его весёлое пение»

«Бон нæма фæзынд…», «Митыл мæйы æртхутджытæ…». Мифон æмвæзадыл нывæст Мад-зæххы фæлгонц. Йæ хъизæмайраг уавæрыл хъæбулы зæрдæйы рис. Йæ бахъахъхъæныны бæрзонд минæварад æмæ бæрн. Туг æмæ хуры контраст, фидæны уæлахизы символон нысан. Лирикон геройы цардбæллон уд æмæ хæсты мæнгард фæтк; мæлæтæн уайдзæф-домæн æмæ йыл былысчъил худт. Æмдзæвгæты стилистикон мадзæлттæ (сидæн, стихдыдагъ, интонацион паузæтæ æ. а. д.) æмæ поэтикон ныхасы фæзилæнтæ.

«Дидинæг федтон». Æмдзæвгæйы мидис. Цард æмæ рæсугъддзинады, цард æмæ мæлæты философи. Дидинæджы фæлгонц – хæстон фæлтæры хъысмæты разуындау. Тæлы фæлхатты нысаниуæг.

Л и т е р а т у р æ й ы   т е о р и. Лирикон герой (р)./Лирический герой

С а х у ы р   к æ н ы н æ н

Цæгæраты Максим (1916-1990). Æнæхуыссæг æхсæв. /Цагараев Максим бессонная ночь

Æнæхуыссæг æхсæв. Хетæгкаты Къостайы уарзты арф æнкъарæнтæ Аннæ Поповамæ. Аннæйы мысинæгтæ – поэты удыхъæды æвдисæнтæ.

Цæрукъаты Алыксандр (1918-200). «Монолог», «Дæуæй мын дам-думтæ дзырдтой», «Æцæгæлон бæсты». /Царукаев Александр»Монолог»,О тебе мне сплетни говорили»

«Монолог». Аив дзырды хъомыс «рæстады цирхъ æмæ хæрамы калмы сæр» ссарынæн.

Поэты хъысмæты æмгом бастдзинад йæ зонд, йæ ныфс æмæ йæ æнæкæрон хъаруимæ, адæмы хъысмæтимæ. Йæ нысан йæ рафæлдисæг адæмы удыхъæд рафæлгъауын.

«Дæуæй мын дам-думтæ дзырдтой». Æназым рæстадыл дам-думтыл æууæнк – фæсмоны азар, æнамондгæнæг.

«Æцæгæлон бæсты». Ирыстонæй хуыздæр цардæнхъæл алыгъды аххосæгтæ, Фыдыбæстæйы амонд хи амондыл чи баивта, уыдоны хъысмæт. Ало-ла-йы зарæг-хъарæг – мады фæдзæхст хъæбулæн йæ райгуырæн зæхх зæрдыл дарын.

Джусойты Нафи (1925-2017). Радзырд «Мæ ахуыргæнæг», æмдзæвгæтæ «Хур – фæдисон», «Миты уæлæ къалиутæ ныккалдтам…», «Барсик»./ Джусоев Нафи (1925-2017).Рассказ «Мой учитель»,стихотворения «Тревога солнца»,» Снег укрыли ветками

Джусойты Нафи – ивгъуыды литературон хæзнадоны бындурыл ног традицитæ аразынил тохгæнæг. Йæ уæзгæ бавæрæн ирон литературæ æмæ литературæиртасынадмæ.

«Мæ ахуыргæнæг». Радзырды мидис. Ахуыргæнæджы стырдзинад. Сывæллоны бузныгады æнкъарæнтæ, йæ чысыл зæрдæйы маст, йæ ахуыргæнæджы сурæт – цæрæнбонтæм мысинаг.

«Хур – фæдисон». Æрдзы æнахъинон хабар, йæ фæд поэты зæрдæйы, йæ хъуыдыйы, йæ цæстæнгасы.

«Миты уæлæ къалиутæ ныккалдтам…». Фыдыбæстæйы хæсты æцæгдзинад – зæххон дзырдтæй зæххон нывты æвдисæн.

«Барсик». Ирон адæмы геноциды нывтæ. Куыдзы уайдзæф адæмæн, сæ кæрæдзи кæй марынц, уый фæдыл.

## Æ р н ы х а с   к æ н ы н æ н

Джусойты Нафи. Æмдзæвгæтæ «Дзыццамæ мын чи бадзурдзæни», «Изæры рухс», «Сæрдыгон идилли». /Джусоев Нафи.Стихотворения. «Кто позовёт мою маму»

«Дзыццамæ мын чи бадзурдзæни». Фольклорон фæлгонцтæ Дзыццайы сурæтнывæсты. Мад кæдфæнды дæр – хъæбулæн царды ныфс æмæ æнцой. Перифраз куыд удбастдзинадыл дзурæг мадзал.

«Изæры рухс». Рагбонтæм «балц». Æвзонгады удджын фæлгонц. Райгуырæн къуым – удварны гуырæн.

«Сæрдыгон идилли». Æмдзæвгæ-этюд. Æрдзы хуызтæ нывгæнæджы цæстæй. Абарстыты нысаниуæг.

Л и т е р а т у р æ й ы   т е о р и. *Æмдзæвгæ-этюд (н).*

## С а х у ы р   к æ н ы н æ н

Бестуты Гиуæрги (1932-1978). «Ныстуан», «Зæрдæ атахт», «Дæлæ хъæддаг цъиу уазалы басыд…», «Эпиграф 1917-1920 азтæн», «Æвидыц». /Бестаев Георгий(1932-1978).”Завещание”,”Сердце улетело”, “Лесная птичка закоченела”

«Ныстуан». Иры зарæгуарз хъæбулы кады фæндæгтæ æнусты тарæй абонмæ, йе ‘нæмæлгæ уды сомбоны уæззау хæс, рох зарæг сног кæныны ныфс.

«Зæрдæ атахт». Æрдзы алæмæты нывтæ. Райдзаст уалдзыгон æхсæвы ныв-фæлгонцы æнгæсад лирикон геройы æвзонджы цины сайдимæ.

«Дæлæ хъæддаг цъиу уазалы басыд…». Æрдзы хъулон ми: адæймагæн схай кодта хъаны цард, æнæбон, хъæддаг гыццыл маргъæн та – цард уæззау ургъæн.

## Æ р н ы х а с   к æ н ы н æ н

«Эпиграф 1917-1920 азтæн». Уды бартыл тохмæсидты æцæг нысан, рæстдзинадæн ныхæстæй нæ, фæлæ хъуыддагæй æххуыс домыны мотив. æрцæуæг дугмæ ахаст.

«Æвидыц». Уды, миддунейы рæсугъддзинад æмæ фыдуынд æддаг бакасты нывæст æмдзæвгæйы. Рæсугъд æмæ фыдуынды æмбарынæдтæ.

## С а х у ы р   к æ н ы н æ н

Хуыгаты Сергей (1933). «Сылгоймæгтæ».

«Сылгоймæгтæ». Радзырды мидис æмæ проблематтикæ, йæ фæлгонцтæ. Бинонты фарн æмæ бузныгады темæ. Психологион æрхаххы нысаниуæг.

Л и т е р а т у р æ й ы   т е о р и. Композици æмæ сюжет (а).

С а х у ы р   к æ н ы н æ н

Дзасохты Музафер (1937). Радзырдтæ «Æнæном дидинæг», «Амонд», æмдзæвгæ «Æнæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг…». Дзасохов Музафер (1937).Рассказы”Безымяный цветок”

*«Æнæном дидинæг», «Амонд».* Чысыл нывты бирæ дзуринæгтæ. Æрдзы кæлæнгæнæг сусæгтæ æмæ фыссæджы сфæлдыстадон æрхъуыды. Æрдзы фæзындтæ адæймаджы æууæлтимæ бастæй. Æвзонгдзинадимæ фембæлды дис æмæ цин. Авторы фæлгонц лирикон миниатюрæйы.

*«Æнæбæрæгæй фесæфти уæ дарæг…».* Хæсты фыдæвзарæнты нывæфтыд, йæ фыды цæсгом нæ зонæг сабиты хъынцъым.

Л и т е р а т у р æ й ы   т е о р и. *Лирикон миниатюрæ.*

С а х у ы р   к æ н ы н æ н

Хъодзаты Æхсар (1937-2021). «Реквием», «Хъæр мæрдтæм».

*«Реквием», «Хъæр мæрдтæм».* 37-æм азы трагикон цауты нывæфтыд æмдзæвгæты.

Малиты Васо. «Дуузæ бæласи», «Дыууæ барæджы»./Малиев Васо»Два дерева»,»Два всадника»

*«Дууæ бæласи».* Рæстæй æфхæрд поэты бындары сагъæс йæ фыды трагикон хъысмæтыл.

*«Дыууæ барæджы».* Мадæлон æвзагыл аудын – фидæны фæлтæртæм æй сыгъдæгæй фæхæццæ кæныны  фæрæз.

С а х у ы р   к æ н ы н æ н

Джыккайты Шамил (1940-2010). «Мад», «Чермен чырæдзау». /Джикаев Шамиль *(1940-2010). «Мать«,»Кучер Чемен»* *Мад.* Поэмæйы мидис, йæ конфликт. Мады уавæр. Мады кувын, йæ фæндиæгтæ. Йæ фырты тохы нысан. Мады сгуыхт æмæ йæ мæлæты бæрзонд нысан.

*«Чермен чырæдзау».* Дуджы хъулæттæ, æнæраст царды лæгдзинадæн аргъ. Поэты афористон хатдзæг.

Æ р н ы х а с   к æ н ы н æ н

Джыккайты Шамил. Балладæ «Саударæг зæрватыкк», «Сæрдыгон изæр Цъæйы комы», «Изæрмилты кувын». / Джикаев Шамиль .Баллада «Ласточка в чёрном»,»Летний вечер», «В Цейском ущелье», «Молися в сумерках»

«Саударæг зæрватыкк». Æбæрæгæй сæфт хъæбулмæ æнхъæлмæ кæсæг мады фæлгонц. Символтæ. Антитезæйы функцитæ балладæйы.

*«Сæрдыгон изæр Цъæйы комы».* Цъæйы комы сæрдыгон изæры алæмæты нывтæ. Æрдзы царддæттæг тых. Æрдзы фидауц æмæ æвзонг фæлладуадзджыты æвидауц миты ныхмæвæрд. Лирикон геройы катай. Æрдзы хъыгдарын – фыдракæнд.

*«Изæрмилты кувын».* Æмдзæвгæйы эпиграфы ахадындзинад. Ирыстоны фидæныл катай. Историон кады лæгтæм фæдисы хъæры мидис æмæ нысан. Национ рохзæрдæйæ хи бахизыны фæдзæхст. Лирикон геройы зæгъинæгтæ æмæ æнкъарæнтæ, йæ уарзт райгуырæн зæхмæ. Æмдзæвгæйы ритм æмæ рифмæ.

Предметты 'хсæн бастдзинад.
Анна Ахматова. «Реквием»; Расул Гамзатов. «Родной язык».
Мережковский Д.С. «Христос воскрес!» – поют во храме»

С а х у ы р   к æ н ы н æ н

Ходы Камал (1941-2021). «Мыртæ», «Фæндиæгтæ», «Суадон», «Цалынмæ йæ дард фæндагыл хур…», «Цæугæдон æмæ рæстæг». /Ходов Камал(1941-2021).”Звуки”,”Желания”,

«Мыртæ». Поэтикон дзырдмæ домæнтæ, поэзийы нысан, уæздан мырты уаз азæлд.

«Фæндиæгтæ». Фæлтæрты бастдзинад, кæстæры уæздан къæмдзæстыгдзинад намысджын хистæрты раз, курдиаты уæз, йæ тых.

«Суадон», «Цалынмæ йæ дард фæндагыл хур…». Адæймаджы бæллиц – райгуырæн æрдзимæ удхæстæгдзинад. æмдзæвгæты философон хъуыдытæ.

«Цæугæдон æмæ рæстæг». Цæугæдон æмæ рæстæджы æнгæсад – царды философи.

Хаджеты Таймураз (1945-1996). «Алайнаджы тох ромаг хæстонимæ», «Къуыдаргомы зарæг Хазбийыл»./ Хаджеты Таймураз (1945-1996).”Борьба аланского с римским воином”

«Алайнаджы тох ромаг хæстонимæ». Нæ хъæбатыр фыдæлтæм зæрдæйы уарзтæй райгуыргæ æнкъарæнтæ æмдзæвгæйы. Хæстон царды домæнтæ.

«Къуыдаргомы зарæг Хазбийыл». Æмдзæвгæйы мидис – адæмон хъайтары сгуыхт зæрдыл дарын. Адæмон зарæджы традицитæ æмдзæвгæйы.

Хъазиты Мелитон (1948). «Номхыгъдтæ». /Казиев Мелитон (1948)” Поимённо”

«Номхыгъдтæ». Хуссар Иры уавæр XX-æм æнусы кæрон гуырдзыйы тыхгæнджытимæ хæсты. Саби æмæ зæронд лæджы фæлгонцтæ, хæстмæ сæ фæйнæхуызон ахасты аххосаг.

Л и т е р а т у р æ й ы т е о р и. Æмдзæвгæ-куывд.

З æ р д ы в æ р д æ й д з у р ы н м æ с а х у ы р к æ н ы н

Мамсыраты Темырболат. «Сагъæстæ»./мамсуров Темирболат”Думы”

Хетæгкаты Къоста. «Ракæс!», «Додой», «Тæхуды». /Хетагуров Коста »Взгляни!»,»Горе», »Желание»

Æрнигон Илас. «Арфæ ракæн»./Арнигон Илас»Поблагодари»

Бестуты Гиуæрги (скъоладзауы æвзæрстмæ гæсгæ).

Джыккайты Шамил (скъоладзауы æвзæрстмæ гæсгæ).

Ходы Камал (скъоладзауы æвзæрстмæ гæсгæ).

Хаджеты Таймураз (скъоладзауы æвзæрстмæ гæсгæ).

Сахæтты дих

Сахуыр кæнынæн – 24 сах.

Æрныхас кæнынæн – 4 сах.

Фысгæ ныхасы рæзтыл куыст – 4 сах.

Фæсурокты кæсынæн – 2 сах.

Сæйраг домæнтæ 9-æм къласы ахуыргæнинæгты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм
9-æм къласы ахуыргæнинæгты ирон литературæйы урокты базонын хъæуы:

– аивадон литературæйы хуызтæ æмæ жанртæ;
– литературон здæхтытæ (романтизм, символизм, реализм);
– уацмысы сюжет æмæ композицийы æууæлтæ, фæлгонцты системæ;
– уацмысты жанрон хицæндзинæдтæ;
– уацмысы темæ æмæ сæйраг идейæ, йæ архайджыты фæлгонцтæ;
– аивадон фæлгонц æмæ йæ аразæн фæрæзтæ; фыссæджы стиль;
– литературæзонынады терминты нысаниуæг;
– литературæ зонынады æмбарынæдтæ:
– зæрдывæрдæй дзурынæн цы уацмыстæ амынд цæуы, уыдон.

Ахуыргæнинæгты арæхсын хъæуы:

– аивадон уацмысы мидис фæрстытæм гæсгæ æвзарынмæ;
– фыссæг цы аивадон ныв сарæзта, уыдон уынынмæ;
– уацмыс анализ кæнын, йæ идейон-аивадон хицæндзинæдтæ хынцынмæ;
– аивадон литературæйы хуызтæ æмæ уацмысты жанрон хицæндзинæдтæ иртасынмæ;
– уацмысы идейон мидис райхалынмæ;
– хъайтары фæлгонцы нысаниуæг æмæ авторы позици иртасынмæ;

– æхсæнадон-политикон æмæ литературон-критикон уацты конспекттæ æмæ пълантæ аразынмæ.

– чингуыты цы фиппаинæгтæ æмæ амындтæ ис, уыдонæй пайда кæнынмæ;

– литературæ æмæ аивады ахадындзинад царды æвзарынмæ;

– докладтæ æмæ рефераттæ фыссынмæ.

Дзургæ æмæ фысгæ куыстыты сæйраг хуызтæ литературæйæ 9-æм къласы

– уацмысы тыххæй раныхас кæнын, нывæцæн фыссын;

– цы федтой, уый тыххæй радзурын æмæ ныффыссын;

– литературон хъайтары фæлгонц æрфыссын;

– эпизоды анализ;

– аивадон уацмысы æвзаджы хицæндзинæдты анализ.

Аивадон уацмысы архайджытæн характеристикæ дæттын. Уацмыс кæнæ йæ геройты тыххæй хи хъуыдытæ зæгъын; цы базыдтой, уый фысгæ куысты равдисын.

Уацмысы иумæйаг идейон æмæ этикон ахадындзинады тыххæй цыбыр раныхас бацæттæ кæнын.

Л и т е р а т у р æ й ы  т е о р и.

Æмдзæвгæ (р). Стихарæзты æмбарынад (а). Ритм, рифмæ, строфа, диалог, рефрен (р). Аивадон боныг (н). Æмдзæвгæйы бæрцбарæнтæ (р). Романтизм (н). Æмбарынæдтæ: темæ æмæ идейæ, авторы позици, литературон характер (а). Чысыл адæймаджы проблемæ (а). Драмæ (а). Драматургийы сæйраг хуызтæ: комеди (а), трагеди (н), драмæ (а). Эпикон-таурæгъон литературæйы хуызтæ (р). Композици æмæ сюжет (р). Утопион уацмысы æууæлтæ (н). Историон трагеди (н). Монолог (а). Градаци (н). Æмбарынад «аллегори» (а)./ Стихотворение.Понятие о стихосложении. Ритм, рифма, строфа, диалог, рефрен (р).Художественный дневник. Стихотворные сравнения. Романтизм .понятиея: тема, идея, позиция автора,литературный характер.Проблема маленького человека.Драма.Основные жанры драматургии:комедия,трагедия,драма. Композицич и сюжет.Признаки утопических произведений.История трагедии.Монолог.Градация.Понятие «аллегория»

Зонадон-критиградацияkон литературæ

Абайты Васо. Гæдиаты Секъа //Критикон уацты æмбырдгонд. 1-аг хай. – Дзæуджыхъæу, 1992.

Безаты Фаризæ. Фыссæджы биографи скъолайы ахуыр кæныны методикæ. Монографи. – Дзæуджыхъæу, 2018.

Безаты Фаризæ. Драмон уацмыстæ ирон литературæйы урокты. Монографи. – Дзæуджыхъæу, 2020.

Джусойты Н. Нæ зарæджы райдиан //Мамсыраты Темырболат. Ирон зарджытæ. – Цхинвал, 1965

Джусойты Нафи. Иры хур ыскасти Нарæй. Литературон-критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу: Ир, 2009.

Джыккайты Шамил. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003.

Дзуццаты Х.М. Ирон романтикон лæджыхъæд //Знон æмæ абон. – Цхинвал, 1964.

Кусов Генрий «Вокруг Коста». – Владикавказ, 2009.

Мамиаты И. Дзырддзæуæны: Автор æмæ хъайтары æмдзæдис. – Дзæуджыхъæу, 2008.

Салагаева З.М. Сека Гадиев – основоположник осетинской прозы //Четыре этюда об осетинской прозе. – Орджоникидзе, 1970.

Хадарцева А. История осетинской драмы. Ч.2. – Орджоникидзе, 1985.